

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) sumber data, (3) prosedur panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, (5) instrumén panalungtikan, jeung (6) analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa gambaran panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun maluruh data panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, sarta métodeu anu digunakeun nya éta kuasi ékspérimén. Désain panalungtikan anu digunakeun nya éta *One–Group Pretest-Posttest Designs*, sahingga ieu panalungtikan téh dilakukeun dina tilu tahap nya éta *pretest*, perlakuan (*treatment*), jeung *posttest* (Sugiyono, 2017, kc. 74).

Panalungtikan dimimitian ku cara méré *pretest* pikeun ngukur kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling*. Sanggeus kitu tuluy siswa dibéré perlakuan ngagunakeun modél *Paired Storytelling* pikeun ngarojong prosés latihan ngadongéng. Satuluyna nyaéta méré *posttest* pikeun ngukur kamampuh ngadongéng siswa sanggeus diajar ngagunakeun modél *Paired Storytelling*. Sangkan leuwih jelas, gambaran desain panalungtikanana saperti ieu di handap.

O₁ X O₂

Gambar 3.1 Désain Panalungtikan

(Sugiyono, 2017, kc. 74)

Keterangan:

- O₁ = Tés kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling*
- X = Perlakuan ngagunakeun modél *Paired Storytelling*
- O₂ = Tés kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Laboratorium Percontohan UPI, anu lokasina di Jl. Senjayaguru, Kampus UPI Bandung, Isola, Kec. Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023, anu jumlahna nya éta 21 urang, kalawan 10 lalaki, sarta 11 awéwé. Alesanna lantaran kamampuh ngadongéng siswa masih kénéh kurang, utamana dina nyangking aspék lafal, lentong jeung éksprési. Tina 21 siswa, aya hiji siswa anu asalna ti étnik non-Sunda, sedengkeun sésana mangrupa étnik Sunda. Najan urang Sunda, kamampuh nyarita siswa ngagunakeun basa Sunda kagolong kurang, lantaran jarang ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna, iwal ti dina pangajaran basa Sunda.

Ieu di handap mangrupa klasifikasi kamampuh nyarita siswa kelas VII-B Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 dina basa Sunda dumasar observasi panalungtik, kalawan katégori lancar, sedeng, jeung teu lancar.

Tabél 3.1
Kamampuh Nyarita Siswa

Jumlah Siswa	Kamampuh Nyarita Siswa		
	Lancar	Sedeng	Teu Lancar
20	7	8	6

Keterangan:


Lancar = Paham tur bisa nyarita ngagunakeun basa Sunda.

Sedeng = Paham tapi kurang lancar nyarita ngagunakeun basa Sunda.

Teu Lancar = Rada paham, tapi teu lancar nyarita ngagunakeun basa Sunda.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah panalungtikan anu dilaksanakeun ku panalungtik. Prosedur dina ieu panalungtikan baris digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Dumasar bagan di luhur, prosedur dina ieu panalungtikan bisa dijéntrékeun saperti ieu di handap.

- 1) Masalah dina pangajaran dongéng. Pikeun maluruh masalah anu karandapan dina pangajaran dongéng di SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung, dilakukeun wawancara jeung guru basa Sunda. Sanggeus kapaluruh masalahna nyaéta masih kurangna kamampuh nyarita siswa ngagunakeun basa Sunda. Léngkah satuluyna nya éta saperti ieu di handap.
 - a) Idéntifikasi masalah anu karandapan ku siswa dina pangajaran ngadongéng.
 - b) Ngarumuskeun masalah jadi sababaraha kalimah pananya anu kudu dibuktikeun bebeneranana dina ieu panalungtikan.
 - c) Studi pustaka, néangan tiori-tiori anu patali jeung objék panalungtikan.
 - d) Nyieun hipotésis.
- 2) Ngumpulkeun data
 - a) Saméméh ngumpulkeun data, panalungtik nyusun instrumén panalungtikan nu mangrupa paréntah tés lisan.
 - b) Prosés ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré tés kamampuh ngadongéng saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling (pretest)*, jeung tés kamampuh ngadongéng sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling (posttest)*. Dina tés kamampuh

ngadongéng boh *pretest* boh *posttest*, aya tilu aspék nu kudu diperhatikeun ku siswa nya éta aspék lafal, lentong, jeung éksprési.

3) Analisis data

Data *pretest* jeung *posttest* satuluyna dianalisis pikeun maluruh naha aya béda anu signifikan atawa henteu. Prosés analisis data dilakukeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 26*.

4) Déskripsi data

Data panalungtikan anu geus dianalisis satuluyna didéskripsikeun pikeun maluruh hasilna.

5) Kacindekan

Panalungtik nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan, tuluy méré rékoméndasi jeung implikasi tina hasil panalungtikan sacara déskriptif.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés lisan. Ieu téhnik dilakukeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023. Tés lisan anu dilaksanakeun nya éta tés kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling (pretest)*, jeung tés kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling (posttest)*. Anapon dina ngukur kamampuh ngadongéng siswa, aya tilu aspék nu kudu diperhatikeun nya éta aspék lafal, lentong, jeung éksprési.


Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina prosés ngumpulkeun data panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré pancén pikeun ngadongéng. Ieu tés dilakukeun pikeun ngukur kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.
- 2) Sanggeus dilaksanakeun pangajaran dongéng ngagunakeun modél *Paired Storytelling*, satuluyna siswa dibéré pancén pikeun ngadongéng deui. Ieu tés dilakukeun pikeun ngukur kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés anu dilakukeun nya éta tés lisan. Pikeun ngukur kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023, dilakukeun dua kali tés lisan, nya éta tés kamampuh ngadongéng siswa saméméh ngagunakeun modél *Paired Storytelling (pretest)*, jeung tés kamampuh ngadongéng siswa sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling (posttest)*.

Instrumén tés dina ieu panalungtikan nya éta paréntah pikeun ngadongéng saperti dina gambar di handap.



Gambar 3.2 Instrumén Tés

Anapon aya sababaraha aspék anu dipeunteun dina ieu tés lisan nya éta lafal, lentong, jeung éksprési. Ieu di handap mangrupa kisi-kisi tés kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 anu dicutat tina Haerudin & Suherman (2019, kc. 128) kalawan diropéa deui.

Tabél 3.2
Kisi-Kisi Tés Lisan Kamampuh Ngadongéng

No.	Aspék	Indikator
(1)	(2)	(5)
1.	Lafal	Lafal bener, artikulasi jelas, sampurna.
		Lafal bener, artikulasi rada jelas, méh sampurna.
		Aya lafal anu kurang merenah, artikulasi rada teu jelas, tapi bisa dipikaharti.
		Loba lafal anu kurang merenah, artikulasi kurang jelas.
		Loba kasalahan tur teu bisa dipikaharti.
2.	Lentong	Lentong alus, sampurna.
		Lentong rada alus, méh sampurna.

No.	Aspék	Indikator
(1)	(2)	(5)
		Aya lentong nu kurang merenah.
		Lentong kurang merenah.
		Lentong henteu merenah.
3.	Éksprési	Éksprésif, merenah.
		Bisa éksprésif, tenang, henteu grogi.
		Cukup éksprésif, rada tenang, henteu grogi.
		Kurang éksprésif, kurang tenang, grogi.
		Kaku, henteu éksprésif, grogi.

3.6 Analisis Data

Analisis data anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik analisis data, uji sipat data, jeung uji hipotésis.

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Data anu baris diolah jeung analisis nya éta data kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.

Léngkah-léngkah nu baris dipigawé di antarana saperti ieu di handap.

1) Mariksa data *pretest* jeung *posttest*.

Dina mariksa hasil tés kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*, panalungtik ngagunakeun padoman pikeun tatapakan méré peunteun. Aspék anu dijadikeun tatapakan dina meunteun kamampuh ngadongéng siswa nya éta lafal, lentong, jeung éksprési. Unggal aspék bakal dibéré skor kalawan skala 1-5. Ieu di handap mangrupa tabél kritéria méré skor tés kamampuh ngadongéng, anu dicutat tina Haerudin & Suherman (2019, kc. 128) kalawan diropéa deui.

Tabél 3.3
Kritéria Méré Skor Tés Kamampuh Ngadongéng

No.	Aspék	Skala	Déskripsi	Indikator
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Lafal	5	Hadé pisan	Lafal bener, artikulasi jelas, sampurna
		4	Hadé	Lafal bener, artikulasi rada jelas, méh sampurna
		3	Sedeng	Aya lafal anu kurang merenah, artikulasi rada teu jelas, tapi bisa dipikaharti
		2	Kurang	Loba lafal anu kurang merenah, artikulasi kurang jelas
		1	Kurang pisan	Loba kasalahan tur teu bisa dipikaharti
2.	Lentong	5	Hadé pisan	Lentong alus, sampurna.
		4	Hadé	Lentong rada alus, méh sampurna.
		3	Sedeng	Aya lentong nu kurang merenah.
		2	Kurang	Lentong kurang merenah.
		1	Kurang pisan	Lentong henteu merenah.
3.	Éksprési	5	Hadé pisan	Éksprésif, merenah
		4	Hadé	Bisa éksprésif, tenang, henteu kaku
		3	Sedeng	Cukup éksprésif, rada tenang, henteu kaku
		2	Kurang	Kurang éksprésif, kurang tenang, kaku
		1	Kurang pisan	Kaku, henteu éksprésif

(Haerudin & Suherman 2019, kc. 128 kalawan diropéa deui)

- 2) Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest*, ngagunakeun rumus di handap.

$$Peunteun = \frac{\sum skor nu kahontal}{\sum skor maksimal} \times 100$$

- 3) Méré katégori kana peunteun nu dimeunangkeun ku siswa.

Tabél 3.4
Katégori Peunteun

Katégori Peunteun	
0 - 60	Perlu Bimbingan
61 - 70	Cukup
71 - 80	Hadé
81 - 100	Hadé Pisan

(BSKAP, 2022, kc. 41-42)

Dumasar katégori peunteun di luhur, siswa dianggap mampu ngadongéng saupama aya dina katégori cukup, hadé, jeung hadé pisan. Sedengkeun upama siswa aya dina katégori perlu bimbingan, siswa dianggap can mampu ngadongéng.

4) Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél.

Penteun ahir siswa dina tés kamampuh ngadongéng saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling* ditabulasikeun dina tabél di handap.

Tabél 3.5
Kamampuh Ngadongéng

Kode Siswa	Kamampuh Ngadongéng					Katégori
	A	B	C	Σ	P	
001						
002						
003						
Σ						
X						

Keterangan:

A = Lafal

B = Lentong

C = Éksprési

Σ = Jumlah

P = Peunteun

X = Rata-rata

5) Analisis kamampuh ngadongéng siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.

Tabél 3.6
Kamampuh Ngadongéng Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun Modél *Paired Storytelling*

Rata- Rata	Kamampuh Saméméh				Kamampuh Sanggeus			
	A	B	C	P	A	B	C	P
Σ								
X								

Keterangan:

A = Lafal

B = Lentong

C = Éksprési

Σ = Jumlah

P = Peunteun

X = Rata-rata

3.6.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data digunakeun pikeun nangtukeun uji statistik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, naha statistik parametrik atawa non parametrik. Statistik parametrik digunakeun pikeun data anu miboga distribusi normal, sedengkeun statistik non parametrik digunakeun pikeun data anu miboga distribusi teu normal. Analisis statistik dina ieu panalungtikan dilakukeun ngagunakeun aplikasi *SPSS PASW versi 26*.

Pikeun mikanyaho sipat data dina ieu panalungtikan, naha distribusina normal atawa teu normal, dilakukeun uji normalitas.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data nu alus jeung layak pikeun digunakeun dina panalungtikan nya éta data anu miboga distribusi normal.

Uji normalitas pikeun nangtukeun distribusi data panalungtikan nu dependen saperti dina ieu panalungtikan, bisa dilakukeun ku cara ngagunakeun analisis Kolmogorov-Smirnov dina aplikasi *SPSS PASW versi 26*. Anapon hipotésis normalitas data dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

H_0 = data miboga distribusi normal

H_1 = data miboga distribusi henteu normal

Anapon dasar nyindekkeun kaputusan dina uji normalitas nya éta saperti ieu di handap.

H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, saupama niléy Sig. > 0,05

H_0 ditolak jeung H_1 ditarima, saupama niléy Sig. < 0,05

3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dina ieu panalungtikan. Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun statistik parametrik, saupama distribusi data normal. Sabalikna, saupama distribusi data henteu normal, ngagunakeun statistik non parametrik.

Dina ieu panalungtikan, uji hipotésis dilaksanakeun ngagunakeun uji t-tes dina aplikasi *SPSS PASW versi 26*. Acuan anu dijadikeun dasar kaputusan t-tes nya éta niléy signifikansi.

Léngkah mimiti anu dilakukeun nya éta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.

H_a (Hipotésis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngadongéng siswa kelas VII-B SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Paired Storytelling*.

Dumasar kana hipotésis di luhur, kritéria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima atawa H_a ditolak, upama niléy Sig.(2-tailed) > 0,05.

H_a ditarima atawa H_0 ditolak, upama niléy Sig.(2-tailed) < 0,05.